



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YOUN NAN KAT NOUYÒKÈ VAKSINEN KONPLÈTMAN KONT COVID-19

Plis pase 12 milyon dòz vaksen te administre

Yo administre 174,822 dòz nan dènye 24 èdtan yo

Yo te bay plis pase 1.5 milyon dòz pandan sèt jou pase yo — nouvo rekò

***Tablodò Vaksen an pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogam
vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a youn nan kat Nouyòkè vaksinen konplètman kont COVID-19. Plis pase 12 milyon dòz vaksen te administre nan Eta New York. Yo te administre 174,822 dòz nan tout gwo rezo distribisyon eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te administre plis pase 1,5 milyon dòz nan sèt dènye jou yo, yon nouvo rekò.

"Eta New York te bay 12 milyon piki nan bra epi youn nan kat Nouyòkè te vaksinen konplètman, sa ki se yon bòn nouvèl. 38 pousan Nouyòkè te resevwa omwen yon dòz. Apwovizyonman se faktè limitan kounye a, men rezo distribisyon nou pèfòman ak solid", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Javits Center se youn nan pi bon sit vaksinasyon k ap pi byen pèfòme nan peyi a, epi nou genyen tou sit kominotè tanporè yo pou vaksinen popilasyon yo ki pi difisil pou atenn yo epi asire n ap fè tout sa nou kapab pou gen distribisyon ekitab vaksen an. Nou te pale sou vaksinen etidyan kolèj yo, ki se plis yon defi pase sa ou ta panse. Yo te di etidyan kolèj yo anvan sa ke sa pa afekte jèn moun yo grav, men iwonikman nou remake pozitivite a ap ogmante pami jèn moun ki gen 18 rive 24 ane. Menm si yo kwè COVID la pa kapab fè yo mal, yo kapab transmèt COVID la epi yo kapab transmèt COVID la bay yon li kapab fè mal. Sa n ap eseye fè se pèmèt elèv yo vaksinen nan lekòl yo anvan lekòl fèmen."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib yo nan New York lajanman depase kantite apwovizyonman ki soti nan men gouvènman federal la. Piske founiti an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) la ajou pou moun ki gen maladi kwonik ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou

yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo elijib:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, epi yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 12,033,813

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 174,822

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,553,658

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 37.90%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 24.90%

	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Rejyon Kapital	445,452	5,561	308,039	6,047
Central New York	379,603	4,201	275,023	5,030
Finger Lakes	466,013	4,423	315,949	4,711
Long Island	927,970	10,057	551,888	11,522
Mid-Hudson	791,226	9,608	481,806	9,075
Mohawk Valley	188,317	2,265	132,766	3,436
New York City	3,430,087	53,107	2,254,197	44,038
North Country	189,980	1,069	144,988	1,187
Southern Tier	250,788	2,514	168,149	3,228
Western New York	502,113	5,934	333,568	6,981

Nan tout Eta a	7,571,549	98,739	4,966,373	95,255
----------------	-----------	--------	-----------	--------

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07	321,850	220,720	542,570	3,343,625
Semèn 9	320,000	244,500	564,500	3,908,125

Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14				
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 03/01 - 03/07	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110
Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 03/15 - 3/21	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970
Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 03/22 - 3/28	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050
Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 03/29 - 04/04	819,800	569,905	1,389,705	11,925,755
Semèn 17 Dòz k ap vini nan dat 04/05 - 04/12	1,068,455	658,770	1,727,225	13,652,980

Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb ['Èske M Elijib \(Am I Eligible\)'](#) a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon

delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflele mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)